

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1. Kasang Tukang Masalah

Karuhun bangsa Indonésia hususna urang Sunda mibanda kabudayaan nu luhur. Kabudayaan éta aya nu mangrupa matéri saperti candi-candi, bangunan-bangunan heubeul jeung sajabana, tapi aya ogé warisan budaya nu teu éléh penting nya éta nu mangrupa tulisan. Warisan budaya karuhun nu mangrupa tulisan téh sok biasa disebut ku istilah naskah. Naskah éta umumna ditulis dina bentuk hasil karya sastra heubeul. Karya sastra heubeul biasana masih mangrupa tulisan leungeun (manuskrip) kalayan maké huruf jeung basa daérah, nepi ka can tangtu kabéh jalma bisa maca jeung ngawasa kana eusi éta karya. Padahal eusina téh ngandung loba mangfaat jeung ajén-ajén positif.

Sacara umum naskah sok sering dihartikeun sabagé wangun tulisan nu asli. tapi, nurutkeun ilmu filologi mah teu kitu. (Ikhran 1993) nétélakeun yén naskah téh nya éta titingal jaman baheula nu nyampak dina wangun tinulis. Sedengkeun harti naskah heubeul, nurutkeun Baried dkk (1968: 64) nya éta:

*“naskah kuno adalah semua bahan tulisan tangan yang menyimpan berbagai ungkapan pikiran dan perasaan yang merupakan hasil budaya bangsa masa lampau”.*

Ieu pamadegan ogé diécéskeun ku Djarmaris (1977:20 dina Titi Pudjiastuti, 1993:1) nétélakeun yén naskah téh nya éta:

*“semua peninggalan tertulis nenek moyang kita pada kertas, lontar, kulit kayu, dan rotan”.*

Dina rupa-rupa pamadegan di luhur urang bisa nyindekkeun yén anu disebut naskah heubeul téh nya éta wangun tulisan anu ditulis dina kertas, lontar, kulit kai, jeung hoé. Sajaba ti kusaba naskah téh mangrupa *“ungkapan pikiran jeung perasaan”* Baried (1986:64) anu tangtu dijerona ogé ngandung rupa-rupa informasi anu rék ditepikeun boh nu tersurat atawa nu tersirat.

Haryati Subadio (1979 : 11) nétélakeun yén, *“sebagai warisan budaya, naskah kuno ngandung informasi yang dipandang relevan dengan kepentingan masa kini. Melalui coraknya yang berbentuk tulisan-tulisan, naskah-naskah kuno dipandang mampu memperjelas informasi yang terdapat pada peninggalan budaya masa lampau lainnya”*. Satuluyna Haryati Subadio (1973 : 6) nétélakeun yén, *“Indonesia merupakan khazanah raksasa bagi naskah kuno yang kebanyakan tertulis dalam bahasa dan huruf daerah. Isis naskah-naskah tersebut beraneka ragam, mulai dari naskah kesusastraan dalam arti terbatas sampai dengan sumber keagamaan, kemasyarakatan, sejarah, yang sangat penting bagi pengetahuan kita mengenai kebudayaan tiap-tiap daerah dan yang sebagai keseluruhan dapat memberi gambaran lebih jelas mengenai kebudayaan indonesia pada umumnya”*.

Ditilik dina segi eusi, karya sastra heubeul (naskah) umumna ngandung ajén-ajén nu aya hubunganana jeung ajaran moral (étika) sarta karohanian nu ditujukeun pikeun masarakat nu ngarojong kana medalna éta naskah. Ajén-ajén éta aya dina rupa-rupa aspék kahirupan, upamana waé ajén agama, norma-norma, sosial budaya, politik, ékonomi, jeung filsafat. Saperti nu diébréhkun ku Warton

dina Weliek jeung Warren (1989: 122) yén “*sastra téh gudang adat istiadat, buku sumber sejarah peradaban, utamana mah sajarah timbul jeung tilemna sumanget kasatriaan*”. Kacida komplékna aspék kahirupan nu diébréhkeun dina karya-karya sastra hususna karya sastra heubeul.

Karya sastra mangrupa gambaran kahirupan manusa. Dokumén fiksi anu bisa nyirian moralitas paripolah jalma nu ngajalanana kahirupan di masarakat dina wengkuan hiji waktu. Ngaliwatan watek tokoh-tokoh, baris katiténan kumaha prilaku katut parobahan-parobahan, dina unggal waktu. Saperti nu ditétélakeun ku Atar Semi jeung Nurgiantoro yén,

*“suatu karya sastra dianggap suatu medium yang paling efektif moral dan membina kepribadian suatu kelompok masyarakat. Moral dalam hal ini diartikan dalam suatu norma, suatu konsep tentang kehidupan yang disanjung tinggi oleh sebagian besar masyarakat”.*( 1984:49)

*“Karya sastra senan tiasa menawarkan pesan moral yang berhubungan dengan sipat luhur kemanusiaan, memperjuangkan hak dan martabat manusia”.*(1995:322)

Salah sahiji dokumén anu eusina ngagambarkeun kaayaan kabudayaan urang Sunda dina salah sahiji jaman, di antarana *Wawacan Lalampahan Dén Atikah*.

Hal anu narik dina ieu wawacan, nya éta tina segi intrinsik mibanda karakteristik anu narik. Stuktur alur, téma bahasa jeung amanat mibanda ajén budaya hususna ajén moral nu kudu dipikanyaho ku generasi kiwari nu can tangtu maham kana eusi hiji naskah. Dina ieu hal hiji ahli filologi ngajelaskeun yén jauhna antara panulis jeung pamaca modérn ku sabab teu apal kana eusi éta téks.. Manéhna nyadiakeun téks ngarah kabaca tur kaharti. saperti anu disebutkeun ku Sudardi (2001: 30) yén “karakteristik hiji naskah geus ngagambarkeun atawa

ngawakilan kaayaan sosial budaya hiji jaman”. Hubungan eusi carita jeung ajén kahirupan, utamana kahirupan rumah tangga nu loba mangfaatna pikeun kahirupan sapopoé.

Naskah *Wawacan Lalampahan Dén Atikah* ampir mirip jeung roman atawa novel. Dina ieu hal jigana pangarang hayang ngamumulé budaya nulis naskah klasik nu diébréhkeun dina bentuk karya sastra nu judulna *Wawacan Lalampahan Dén Atikah*. Naskah ieu ogé mibanda tujuan keur pamaca supaya sadar yén loba pisan ma'na anu dikandung di jero naskah heubeul. Dina karyana pangarang ngajak ka pamaca hususna nu rék nikah supaya nyiapkeun diri jeung tong kabawa nafsu dina ngaréngsékeun hiji pasualan rumah tangga jeung pikeun nu keur ngalakonan hirup rumah tangga supaya loba-loba ngadoa ka Alloh SWT.

Ku ayana hal éta, panulis ngarasa perlu pikeun nalungtik naskah *Wawacan Lalampahan Dén Atikah* ku cara nganalisis sacara struktural.

*Wawacan Lalampahan Dén Atikah* kungsi ditalungtik tur dijieun skripsi ku Eva Nurmala (FPBS Indonésia UPI, 2005) kalawan judul *Wawacan Lalampahan Dén Atikah* (Sebuah Kajian Filologi Jeung Analisis Struktural).

Sanajan judul naskah nu dipaké sarua, aya sababaraha hal anu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna, nya éta dina segi objék nu ditalungtik. Objék anu rék ditalungtik ku panulis dina ieu panalungtikan nya éta Ajén Budaya hususna Ajén moral (étika) nu diébréhkeun dina wangun wawacan.

Sakaterang panulis, “Ajén Moral Dina *Wawacan Lalampahan Dén Atikah*” teu acan aya nu nalungtik. Ku kituna, panulis ngarasa perlu pikeun ngayakeun

panalungtikan kana éta hal dina wangun skripsi. Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban hasil panalungtikan saméméhna.

## **1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1. Watesan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang di luhur ieu panalungtikan baris diwatesan masalahna, nya éta medar unsur-unsur intrinsik wawacan anu aya patalina jeung ajén moral, sabab teu sakeh unsur ngandung ajén moral jadi anu dicokot teh ngan ukur tilu, diantarana nya eta téma, palaku/ watek palaku jeung amanat.

### **1.2.2. Rumusan masalah**

Rumusan masalah dina ieu panalungtikan téh nya éta:

- 1) Kumaha unsur-unsur carita (tema, amanat jeung palaku) nu aya dina *Wawacan Lalampahan Dén Atikah?*
- 2) Kumaha ajén moral dina unsur unsur intrinsik *Wawacan Lalampahan Dén Atikah?*

## **1.3. Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan**

### **1.3.1. Tujuan Panalungtikan**

Tujuan dina ieu panalungtikan téh nya éta:

- 1) Pikeun ngadéskripsikeun kumaha unsur-unsur carita (téma, amanat jeung palaku,) nu aya dina *Wawacan Lalampahan Dén Atikah*.

- 2) Pikeun meunangkeun gambaran ngeunaan moral nua aya dina unsur intrinsik *Wawacan Lalampahan Dén Atikah*.

### 1.3.2. Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh dipiharep bisa nyokot sababaraha mangpaat, saperti ieu di handap:

- 1) Pikeun panalungtik, mangrupa input enggoning ngaguar salah sahiji kajadian di dunya kasusastraan.
- 2) Pikeun nu maca, ku ayana panalungtikan ieu bisa nambahan pangaweruh dina hal moral anu dianggap penting ku urang salaku manusa anu mibanda darajat luhur di antara mahluk séjénna.
- 3) Pikeun nambahan kareueus jeung ngamumulé kana kabudayaan nulis urang Sunda.

### 1.4. Anggapan Dasar

Anggapan dasar mangrupa dasar panalungtikan anu gunana pikeun dasar panalungtikan salaku cecekelan utama. Anggapan dasar dina ieu panalungtikan téh di antarana:

- 1) *Wawacan Lalampahan Dén Atikah* mangrupa karya sastra heubeul anu ditulis dina wangun pupuh atawa danding.
- 2) Struktur carita *Wawacan Lalampahan Dén Atikah* diwangun ku (téma, palaku, galur, latar, titik catur, jeung gaya basa) sarta bisa didéskripsikeun.

- 3) Naskah *Wawacan Lalampahan Dén Atikah* mibanda ajén moral nu luhur anu bisa méré sawangan ngeunaan kahirupan sastra dina jaman harita.

### **1.5. Wangenan Operasional**

- 1) Moral nya éta hadé jeung goréng kalakuan jalma diukur dina jihad kasusilaan, sikep, kawajiban, budi pekerti atawa ahlak; tata cara hirup manusa nu beradab pikeun ngajaga hubungan silaturahmi.
- 2) Wawacan nya éta carita anu didangdingekun, digelarkeun dina puisi pupuh. Ku lantaran ngalalakon, téks (wacana) wawacan téh umumna paranjang; mindeng gunta ganti pupuh, biasana marengan ganti épisode (Iskandarwassid, 2003: 168).

### **1.6. Méthode jeung Téhnik Panalungtikan**

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun métode déskriptif analisis, sedengkeun téhnik anu digunakeun nya éta téhnik studi dokumentasi jeung téhnik analisis data.

### **1.7. Sumber Data**

Sumber data anu utama dina ieu panalungtikan nya éta naskah *Wawacan Lalampahan Dén Atikah* anu kapanggih di Ciwidey Kabupatén Bandung, wangun naskah buku tulis bergaris, kandel naskah 228 halaman, tapi wawacanna ngan ditulis nepi ka halaman 220. ukuran sampul 21.1 cmX 17,3 cm, halaman 20,6 cm

X 16,7 cm jeung rohang tulisan 14,3 cm X 16,3 cm, basa anu dipaké nya éta basa Sunda nu ditulis dina basa Arab Pégon.